No. 16 | 18 April 1930 | Taoen 10.

RAGAD ADVERTENTIE:

Kabar premili: 1 — 30 temboeng f 1.— Langkoengipoen, saben 10 temboeng oetawi kirang: f 0,50.

Advertentie limrah: f 0,15 sagaris; (apes: f 1.25). Moendoet kapatjak langkoeng saking sapisan, oetawi moendoet dados lengganan, tepang rembag roemijin kalijan administratie.

Hoofdredacteur:

B. SOEMARNA

kabantoe

REDACTIE - COMMISSIE.

SWARA-TAMA

SERAT KABAR KATHOLIEK

Medal saben dinten Djoemoewah.

REGINIPOEN LENGGANAN SWARA TAMA

1 taoen . . . f 6,—
1/2 „ . . . f 3,—
3 woelan . . . f 1,50
njoewoen kabajar roemijin.

Adrèsipoen **Redactie** lan **Administratie**

IGNATIUS - COLLEGE
DJOKJAKARTA.

Drukkerij „Canisius" Djokja.

NGATOERAKEN KASOEGENGAN ING DINTEN RIAJA PASKAH.

Redactie lan Administratie.

Isinipoen: 80 taoen tanpa wonten indakipoen — Ngitjali nama awon — Katrangan saking Soerakarta — Serat kintoenan — Wedaring pangoeda raos — Saking pakempalan — Indonesia Raja lan Wilhelmus — Ontjèn — Oerap-sari — Correspondentie.

PRADJA RAHAJOE

80 TAOEN TANPA WONTEN INDAKIPOEN.

Amrih sampoen kesangeten, oengel-oengelan poenika koela gantos „80 taoen *prasasat* tanpa wonten indakipoen." Poenika poenapa ta?

Kapinoedjon koela maos „Tijdschrift van Nederlandsch Indie" taoen 1850 djilid II katja 217. Ing ngrikoe wonten pambantoe ingkang namoeng nanda astani . . . . 20 Mei 1850. Poenika ngrembag bab kawontenaning bangsa Djawi, makaten:

„Tjina ikoe kaleboe éwoné bangsa, kang kembang lambéné moeng „mboewang tjatjing, olèh tambra." Tjina ikoe ngerti, jèn wong Djawa ikoe ing bab ékonomi ringkih, madeg déwé ora bisa, moelané jèn dioempak, dineng-nengi barang sing rèmèh-rèmèh, bandjoer kena diblèdjèdi. Tjina kang manggon ing désa, kerep baé jèn krambil-krambil ing kono dioendoehi, mèh kabèh dadi doewèké, lan marga awèh poersekot, bakda panèn pariné mèh kabèh dipoendjoengaké marang Tjina maoe.

Wong Djawa ing désa-désa (malah prijaji ija ora koerang) ikoe oeripé ora ngélingi dina ing boeri. Sapa baé sing doewé doewit, o gampang banget enggoné bisa mboedjoek wong Djawa, soepaja ngedola barangé moerah - moerahan. Terkadang enggoné gelem diboedjoek ikoe marga wis ketjemploeng ing djoegangan saka koerang ngatiatiné dèk bijèn.

Awèh poersekot kanggo nandoer pari ikoe patrapé mangkéné: Ngarepaké tandoer, wongé tani diwènèhi pari oepama 1 amet; bésoek jèn panèn, koedoe mbalèkaké marang Tjinané 3 oetawa 4 amet. Jèn wongé tani oetang doewit f 1 ngarepaké panèn, bakda panèn jaikoe mangsané pari moerah, koedoe mbalèkaké woedjoed pari pengadji f 3.

Oepama si Tjina enggoné golèk bati moeng setaoen baé, ora dadi apa, kapitoenané wongé Djawa ija moeng sapisan dji, nanging ora, Tjinané enggoné minteri teroes baé. Tjina ikoe akal, moelané ngoedi soepaja wong Djawa katekem ing tangané, perloené soepaja enggoné golèk bati bisa nganti lawas. Kaprijé patrapé? Mangkéné: Jèn si Djawa mbalèkaké oetangé, mangka dèwèké (= si Tjina) ora koewatir kapitoenan, bandjoer étok-étok soemanak, wongé Djawa moeng dikon mbajar rong prateloné disik. Masti baé wongé Djawa seneng, nanging ora ngertia, ikoe djeboel poeloet. Dadiné bésoek jèn panèn, bisa saja bati manèh. Lawas-lawas Tjinané saja ngangseg, woesana krambilé si Djawa kena dirampas moeng sarana poersekot satitik."

Mangga para maos, pandjenengan raos-raosaken 80 taoen kapengker kawontenanipoen kados makaten, samangké inggih prasasat taksih kados makaten, mangka sapoenika poendi-poendi sampoen wonten sekolahan. Saking pamanggih koela, sekolahan poenika mbok Universiteit pisan, boten katah paédahipoen, manawi wewatekan boten dipoensaèkaken. Mangga kagalih: Tjina mindring satoenggal, boten mambet sekolahan, teka saged neloekaken tijang Djawi ing padoesoenan pinten-pinten atoes, dalasan djempolan asring toemoet teloek. Poenika namoeng margi tijangipoen Djawi waoe watekipoen taksih sami kalijan wewatekan 80 taoen kapengker.

poen *P. D.*

NGITJALI NAMA AWON!!

Koela poenika taksih nama laré, awit koela taksih sekolah. Nanging sampoen wonten pangkat nginggil pijambak, dados mèh tammat. Mila koela matoer doemateng para sadèrèk sadaja kémawon, ingkang sampoen tammat, oetawi ingkang taksih sinaoe, soepados soegengipoen sampoen ngantos ngoetjemaken asma pandjenengan pribadi, oetawi namaning pamoelangan pandjenengan roemijin oetawi sapoenika.

Koela namoeng badé damel oepami, oepami waoe kados ngandap poenika:

1e. Oepami wonten sadèrèk ingkang sampoen tammat, saking pamoelangan koela sapoenika (koela namani A. B.), poenika bokmanawi oetawi oepami lo; ladjeng kagoengan tindak kirang saé, oepami sami nilar piwoelang Agami Katholiek, boten moertat lo, nanging awonipoen ngoengkoeli ingkang moertat. Oepami tindak dateng Grédja namoeng perloe pados sawangan, nanging ingkang mawi mripat, lan mawi rasoekan idjem, sanès retja nanging saged ngendika poenika; malah-malah dipoentambahi ngadjak laré abangan, namoeng preloe kaadjak kados makaten waoe. Mawi dipoenwedjang: „Mengko jèn ana ngGrédja, jèn akoe djèngkèng ija miloea djèngkèng. Jèn akoe gawé kaja ngéné (tanda Salib) kowé ija nirokna baé:" Wah sadèrèk kados poenapa awonipoen poenika sadèrèk? Laré abangan waoe nama kawewahan awonipoen; mangka gèk laré waoe sampoen naté remen dateng Agami Kath.; mestinipoen sapoenika ladjeng ngolok-olok, menawi Agami Kath. poenika awon. Mangka ingkang awon sanès Agaminipoen, nanging tijangipoen. Kadjawi poenika moeroegaken pisahing sasedérékan. Amargi . . . . (kaisènana pijambak!) Sarta malih, oepami ingkang atindak awon waoe sadèrèk wedalan A. B. katah, ladjeng dipoensepèlèkaken mawi temboeng. „O mèmper, wong weton sekolahan A. B. arep Katholieka kaé wong weton kono ta, ja mèmper." Poenapa poenika boten asoeraos manawi sadaja-sadaja laré wedalan A. B. awon sadaja oetawi ratjakipoen awon? Rak kodjoer ta sadèrèk. Awonipoen boten namoeng kasanggi pijambak, nanging oegi dateng tijang sanès ingkang bokmanawi laré waoe awis sanget ingkang anggadahi kotoring manah. Lo, boten kok teges laré-laré ing A. B. (oetawi koela) poenika saé-saé oetawi oetami sadaja: nanging rak inggih nama tjilaka ta. Nanging sampoen ngandika makaten, „Wé la, malah beneran ta dik kanggo andap asor, wong adik pada betjik-betjik baé kok, toer iki dong mangsa pasa." Adoeh, lé nggandem, rasané: kalah wong dirawé; ana mati raga djaré dalané kaja mengkono, andak nama andap asor poenika? Wosing-wos awonipoen mrikamrika tanpa witjalan. Boten sandé damel doeka Dalem.

2e. Srananipoen soepados nama awon waoe itjal, boten sanès namoeng: a. Soegeng pandjenengan ingkang wonten djawi kedah oetami saèstoe, mangké rak angsal pangaleman, apes tijang ingkang pirsa ladjeng kepéngin. Sarta namaning sekolahan A. B. sageda aroem, gegandéngan lan adjenging Agami kita. b. Para moerid ing pamoelangan A. B, ingkang angsal nama awon waoe, atindaka oetami, sampoen sami déham-dèhèm of plérak-plérok, soepados manawi wonten tijang ngjektosaken dateng A. B. boten moengel: „O, mèmper, la wong jèn ana ndjero baé kaja mengkono, lajakta jèn ana djaba kaja ngana." Nanging manawi pandjenengan atindak oetami: „É, déné jèn ana A. B. kaja ngono, génea jèn ana djaba da ala-ala." Lo poenika oengelipoen ingkang kirang pandjang nalaripoen. Béda kalijan ingkang. . . . . !

Pramila atoer koela ingkang saé oetawi bakoe ingkang a. Nanging ingkang b. - inggih kedah oetami, soepados koentjara, aroem namanipoen sadaja - sadaja saé. Moegi kagaliha: o e p a m i koela waoe. Nanging poenika namoeng oepami lo! Manawi wonten lepating oepami koela waoe sampoen kirang pangapoentenipoen para sadèrèk enèm sepoeh sadaja. Koela poen:

Andeng-andeng ing tengahing pipi kiwa: *Soenardja.*

KOEROE SÉTRA

KATRANGAN SAKING SOLO.

La, rak makaten ta sad. Trenggana; soewawi sami gandèng koentja, gèndèng tjènèng tijang kalih. Sanèsipoen namoeng badé andjintel kémawon, inggih kadjengipoen. Kita sesarengan pados kaprawiran, ngoedi mandirèng pribadi; ananging boten soepados ingalem ing lijan, balik amoeng amrih djembaring Kraton Dalem kémawon.

Koela sampoen maos katerangan pandjenengan; toer sampoen mawi koela talesihaken. Ananging saking pamanggih koela, poenika dèrèng bak sreg. Katerangan - katerangan dèrèng djangkep kanggé amoetoesi: koedoe oewal saka P.K.W. Sebabipoen? Mangké koela atoeraken ing ngandap. Sapoenika pangandika pandjenengan roemijin, ingkang moengel: **Sapoenika koela atoeri manggalih, tinimbang Sw. Tm. mati . . . . poenapa boten langkoeng saé kapasrahaken ingkang kersa nggegesang?** Sabar!! koela kelilana njoewoen priksa; poenapa jektos (manoet panganggep pandjenengan) Sw.Tm. pedjah? Sapamireng koela boten namoeng pandjenengan kémawon, sadèrèk sanès oegi wonten ingkang kagoengan panginten makaten; dados pandjenengan boten mijambaki; sajang sanget, déné wonten panggalihan makaten. Pedjah makaten rak manawi sampoen boten saged **ambekan;** ing mangka manoet andaranipoen rama administrateur sakedik - sakedik rak taksih gadah **saldo,** ingkang kénging kanggé nggegesang toewin pantjadan lan bokmanawi kalijan mlampah saged mindak oetawi apesipoen adjeg. Para lengganan toemoet dipoenwitjal ta? [1])

Poenapa sapoenika ingkang prajogi dipoentindakaken manoet pamanggih koela? Makaten: samanten poenika manawi kagem; boten kagem inggih sampoen; tijang poenika namoeng njaosi rembag, poenapa malih namoeng woedjoed pitakénan. (Ananging temtoenipoen inggih badé kagatosaken, sebab objectief saé).

Poenapa ingkang wadjib, sampoen naliti priksa, sebab - sebabipoen poenapa déné taoen satoenggal kalijan satoenggalipoen bab wedaling arta teka prasasat mèh tikel tekoek? Sagedipoen manggih sebab - sebab waoe, manawi njoemerepi kanti tjeta pilah-pilahing wedalipoen arta (Specificatie der uitgaven). Inggih leres (ingkang kawaos ing congres koela gatosaken sadaja) roemijin sampoen kaandaraken déning administrateur i.p. margi Sw.Tm. dipoenagengaken. Poenapa namoeng poenika tok sebabipoen? Sebab - sebab sanès taksih wonten. La, poenapa poenika??

Tjekakipoen kedah ngertos tjeta lan terang; samangsa sampoen gamblang, ladjeng ngréka daja toewin nalesihaken, poenapa saged nindakaken bezuiniging. Uitgaven ingkang sakinten kirang perloe sanget dipoenboetjal oetawi dipoenelongi. Oepami: doemoegi sepriki para lengganan tansah dipoenkintoeni postwissel tagihan mawi enveloppe; poenapa wissel waoe boten saged kalampiraken ing koran? La jèn saged katindakaken, poenika sampoen ngirit **dasanan** roepijah, jèn boten atoesan. Poenika namoeng uitgave satoenggal; déné uitgaven sanès poenika poenapa oetawi poendi, koela boten ngertos; soemangga dipoensetitèkaken sarana njoewoen priksa dateng rama administrateur rak pareng kémawon. Inggih ta rama? [2])

Atoer koela ing nginggil poenika soemangga; boten wonten awonipoen manawi katjobi. Tjekaking rembag sadaja-sadaja poenika kedah katlesihaken sadèrèngipoen moendoet poetoesan. (Saged oegi wonten ingkang ngandika: wis ditalesihaké kabèh, kowé weroeh apa? Koela boten mangsoeli débatan koela pijambak; nanging namoeng badé njenjadang saking sanès; mangké temtoe koela tjaosi wangsoelan).

Sadèrèk Trenggana poenika warga K. W. ing Solo; dados bokmanawi tjelak (anggèn koela matoer bokmanawi poenika, sebab dèrèng temtoe jèn tjelak, awit dalem ing Wanagiri, éwadéné meksa saged dados warga K.W. ing Solo; kok andjoewarèhi koela inggih?) kalijan poesering K. W. - K. W. alijas P. K. W. dados inggih saged langkoeng actief njaosi rembag katimbang koela. Saking pangadjeng - adjeng koela, sageda tijang Katholiek Djawi lestantoen anggadahi koran Katholiek Djawi.

Déné manawi sampoen ichtijar temen - temen, sampoen ngoepados réka - daja mawarni-warni, teka boten saged sajektos, inggih kados-poendi malih. Ananging kita jakin, manawi nijat temtoe badé kijat. Wasana soemangga. **Penonton.**

[1]) Sapoenika sampoen toemindak tigang woelan, administrateur dèrèng ngoetjoeli kantong saldo. Abonné katah ingkang sami netepi kawadjibanipoen. Soemangga, ingkang dèrèng énggala noetoeti. **Adm.**

[2]) Sawantji-wantji kénging kémawon; poenapa bestuur pijambak, poenapa oetoesan; saha kita ngadjeng-adjeng rawoehipoen verificatie - commissie ingkang sampoen katetepaken nalika congres 16-3-'30. **Adm.**

SAKING PAKEMPALAN.

Verslag W. K. afd. Soerakarta. 8—4—'30

Manggèn ing Kath. Europ. School Koesoemajoedan.

Karawoehan Bestuur lan warga— G. A. rama H. Koch — lan wakil C. C. Solo.—

Kirang langkoeng djam 5.30 vergadering kabikak déning pangarsa kanti soesila Kath. Ing saladjengipoen ngrembag:

a. Notulen — afsah!!

Gandèng lan oengeling Notulen lami, njeboetaken bilih W.K. manggalih bab C. C. minangka kanggé nglegani pamoendoetipoen bestuur P.P.I.I. soepados W.K. afd. Solo sok njerata wonten ing „Isteri." Ladjeng ndapoek bebadan kadadosan saking Mevr. J. Poerwaatmadja lan Mej. Th. Soealbirah.

b. Verslag Congres P. W. K. — Sasampoening karembag ladjeng wonten poetoesan bilih W. K. Solo toemoet manoenggil wonten ing P. W. K.

c. Voorstel Statuten P. W. K. — poetoesaning parepatan kapasrahaken dateng pangrèh-- lan pangrèh ingkang sampoen ngrembag — rembag kalijan rama G. A. moefakat rantjangan P. W. K.

d. Voorstel jèn parepatan wonten ing grijaning warga— katampi.

e. Pitakénan!!

Bab prekawis „Maria Congregatie" afd: Wanitho— Pangrèh badé „bekerdja dengan keras" gegajoetan kalijan angèling oeroesan i.p. Rama Directeur karsa ngasta jèn apes wonten warga 30 lan sami sregep netepi koewadjibaning poetra „Maria Congregatie."

f. Rembagipoen pangarsa C. C. Solo— ngatoeraken genging panoewoen, déné W. K. karsa migatosaken C.C. K.W.—P.P.K.D.— mratandani bilih W. K. ngertos dateng „de geest des tijds" lan njrijosaken sepinten genging ginanipoen kita djemangkah wonten ing „Journalistiek terrein" kinantèn ngatoeraken „eere saluut" dateng C.C. W. K. ingkang nembé lair, saha njoewoen moegi sampoen ngantos nilar „pers" kita.

g. Pangarsa W. K. moendoet priksa poenapa C.C. K.W.—P.P.K.D.— saged samenwerking lan C.C.W.K.— Bab poenika kaatoeran wangsoelan kanti mongkoging manah „ Sagah mawi sanget."

Kirang langkoeng djam 7.30 katoetoep kanti padatan Katholiek. —

Verslaggever C. C. Solo
A. J. S.

Naschrift.

Nitik geest ing salebeting pakempalan waoe ketingal bilih „Christelijk Solidarisme" sampoen mlebet ing sanoebarining kadang Kath. wanita. — Ingkang makaten waoe, mila kedah sampoen samestinipoen.— Kadang Kath. wanita *„bergeraklah oentoek menolong bangsamoe jang masih ada dalam kegelapan."*

R. K. Padvinderij „De Morgenster."

Kala tanggal 9-4-'30 pakempalan kasboet nginggil ngwontenaken pepanggihan wonten ing Pastoeran, katoentoen Rama Almoezenier H. Koch S. J.; ngrembag prakawis H.R.K.P.B. jasan Javaansche Heeren Cengregatie; toewin ngrembag prakawis sanès-sanèsipoen malih, poenapa déné mangandikaken panggalihanipoen Swargi rama Pastoer Van Lith lan Padvinderij. Tjekakipoen Padvinderij makaten sanjata „de school der karaktervorming."

C. C. Solo
H.

Saraséjanipoen para Goeroe sekolah doesoen missie ing Blitar, tg. 12 April 1930, djam 7 sonten—10.

Ingkang rawoeh 16; ingkang 3 goeroe H. I. S. Joh. Gabr., toewin padoeka Rama Pastoer. Leideripoen sad. A. S. Martasoedarma. Menggah ingkang karembag: adjenging sakolahan doesoen kagoenganipoen Missie ing Blitar.

Kedjawi poenika ngrembag moerih Leerplan, Rooster lan Staat - staat uniform, tegesipoen soepados sadaja waoe sami sadaja toemraping sekolahan Missie.

Déné ingkang dados rembag ramé, i. p. oesoel ngwontenaken „Cursus goeroe doesoen." Ingkang karembag inggih poenika: laré ingkang poendi ingkang katampi ing cursus: Kath. poenapa sanès. Ingkang dipoenkoewatosaken sad. M.S. Brotosoedirdjo bokbilih laré ingkang dèrèng Kath., ngantos medal dèrèng poeroen agami; kang mangka missie boten kersa benoem goeroe ingkang sanès Kath. Déné manawi badé mendet laré Kath. boten wonten. Rembag poenika waoe ngantos dangoe.

Tjekaking rembag badé oesoel dateng Missie, ngwontenaken cursus waoe nganggé woelangan agami. Déné sanèsipoen badé kapasrahaken Missie.

Rembag ingkang preloe koela serat ing riki i. p. bab gesang Kath. Kita sadaja dipoentetangi moerih gesang ingkang saé, sampoen ngantos dados tjatjading tijang sanès.

Kateranganipoen sad. Brotosoedirdjo pandjang lébar. Déné bab Huisbezoek, poenika kaadjengna ingkang sanget.

Watawis djam 10 daloe saraséjan katoetòep kanti wiloedjeng.

Gandèng kalijan pakabaran ing Sw. Tm. No. 15 tg. 11 April 1930, Missie boten mbikak 3, nanging sekolahan doesoen 4, i. p. Gemengde Volksschool 2, Meisjes Volksschool 2. Moeridipoen maremaken sadaja, i.p. Toeri (gemengde Volkssch.) 96, Soekaredja (gemengde Volkssch.) 82, Kepandjèn Kidoel (m. Volkssch,) 58, Bendagerit (m. Volkssch.) 43.

Kadjawi poenika Missie inggih badé mbikak malih wonten ing satjelakipoen Wlingi lan ing satjelaking Panataran. Manawi saèstoe béndjing woelan Mei.

Moegi-moegi sadaja waoe sageda soeboer.

N. N.

SERAT KINTOENAN.

Ing Sw. Tm. no. 15 taoen 10 tg. 11-4-'30 wingi poenika, Pak B. C. njerat mawi titel „Tebih kempal, tjelak pisah". Karanganipoen tjekak, aos, toer terang, awit koela teroes ngertos damang dateng kersanipoen sadèrèk B.C. Sadèrèk waoe ngandika bab pisahipoen Sw. Tm. lan S. K. wasana kok wonten ingkang moengel: „Dados sapoenika, kantoen (kénging) milih salah satoenggal poendi ingkang dipoensenengi? Ananging jèn lengganan ngrangkep, badénipoen mindak pétanganipoen . . . " Ing rikoe sadèrèk pak B. C. rak setengah adjak-adjak, soepados koela sadaja boten soesah lengganan koran Kath. langkoeng saking satoenggal, mindak ngawrat-awrati poenapa kados-poendi, kados Pak B. C. Malih! ing alinia no. 2 wonten ingkang moengel: „Poen panjerat loegoenipoen aseneng sanget maos serat pawarti ingkang basa Djawi tinimbang sanèsipoen." . . . . Lhaaa! sapoenika terang jèn Pak B. C. adjak-adjak soepados sadèrèk Kath. ngemoengna ngebon Sw. Tm. tok, awit S. K. basanipoen sanès Djw. De Koerier oegi . . . Weeee, lhaa, memelas ané. Sadoeloerkoe kok isih ana sing kaja ngono! Wegahan kok adjak-adjak! Mangka ana ing koran. Dadia lid P. P. K. D. kaé jèn kersané kaja ngono koewi rak aloewoeng ora baé. Kok samono!

Para sadèrèk! koela atoeri maos sapisan engkas karanganipoen Pak B. C. waoe, poenapa pantes, kaserat ing taman kita ngriki? Koela atoeri ènget! Koran Djw. poenika dèrèng wonten ta ingkang sampoen njamèni koran sanès basa? Kados - poendi saged kita djadjah ing kawroeh jèn namoeng mligi koran Djawi? Koela pijambak inggih remen dateng koran Djawi, nanging koran Mlajoe, Walandi oegi betah, awit ngèngeti djamanipoen. Tjekakipoen kita Kath. sasaged - saged kedah djadjah bab kawroeh, sarana ngebon koran warni - warni, boten mawang basa, sok oegi **saged** lan **ngertos**. Langkoeng-langkoeng dateng koran Kath.

La kok saweg wonten kalih kémawon, ingkang setoenggal dipoenleléwani, doemèh Mlajoe! Mangka poenika anggènipoen mentas pijambak waoe (S. K.) margi roemaos betah, ngiras adjar bawa pijambak, ngraketaken sadèrèk Kath. sa-Indija, ngagengaken raos kebangsaan . . ., wasana saged kagajoeh kabetahan kita ing béndjing jèn èstoe Zelf-bestuur. Poenapa malih ènget lo!

Sw. Tama — Sociaal.
Sw. Kath. — Politiek.

Mila sadèrèk, mangga Sw.Tm. lan S. K. kawaosa sedaja, jèn namoeng rekaos pambajaripoan **sakedik** kémawon rak boten dados poenapa, ngiras ngertos dateng jejasan kita pijambak.

Wasana njoewoen ngapoenten.

Papan toelis 12-4-30.

poen
A. Idap.

SERAT KINTOENAN.

Wedaring pangoeda raos.

Manawi koela amanah - manah, kawontenaning gerakan djaman 25 tahoenan sapriki, kados-poendi menggah tandang lan tradjangipoen para pandékaring kamadjengan, anggènipoen sami ngempalaken kekijatan, minangka teteken moerih gampil saha énggalipoen doemoegi ing don ingkang sinedija; langkoeng-langkoeng para babantèng babaran saking ngatas-angin, pantes sanget ingalembana. Kosok-wangsoelipoen golongan lawan ingkang betahipoen tjengkah kalijan kaparloeaning tijang siti, pandoewanipoen inggih angédab-édabi. Mawi tjara oetawi tandoek kasar, madya oetawa aloes, waaah . . . . . sampoen ta ! ! ! Saking aloesipoen ngantos wonten sawenèhing golongan kita ingkang paningalipoen soelap, kebleregen kedajan mantjoering tjahja ingkang goemebjar agilar-gilar nelahi djagad, nginten: malah nganggep bilih sang api rowang poenika mitra darma sajekti.

Mitoeroet serat - serat sadjarah, wiwit tahoen, 1600-san langkoeng, hèngga doemoegi titining dinten poenika, saja mloroting ékonominipoen bangsa priboemi, ndjalari temporat kita. Poenika sampoen boten kénging dipoensélaki. Sinten ta ingkang kadjibah ndandosi karisakan poenika? Inggih kita pijambak!! Djandji kita poeroen kémawon, boten sakedik para intelect ingkang poeroen dipoentedani toentoenan. Amargi mitoeroet kijakinan koela, manawi kita namoeng tansah mbetahaken toentoenaning sanès, boten poeroen pitados dateng kekijataning badan pijambak, kasembadaning sedija kita inggih tangèh lamoen.

Ing parepatan-parepatan, oetawi persoenipoen sadèrèk Katoelik manawi pinoedjoe djadjagongan, kala mangsa asring kepireng temboeng: „Pakempalan Kath. boten dipoenadjèni déning sanès" malah latjoeting rembag santoen sipat dados pandakwa njepèlèkaken; saking pamanggih koela keplantranging panginten waoe bokmanawi salebeting sanoebari sampoen ketoewoehan raos kirang saé. Titikan ingkang premati (ning panginten lo!) déné taksih katah para sadèrèk ingkang dèrèng karsa mboektèkaken simpatinipoen. Mitoeroet wedaring pangoedaraos ing nginggil poenika, kados sampoen radi ngèmperi manawi adji oetawi boten kadjèn (katingal) kita, inggih saking kawontenan kita pijambak. Manawi badan pijambak sampoen gadah pangadji, tegesipoen poeroen angaosi sasami, boten oesah dipoenadjeng-adjeng mesti badé ingaosan ing sanès: Ing temboengipoen Maladjeng „kaloehoeran kita lantaran meloehoerkan sesama."

Konggrès P. K. W. kala tanggal 15 doemoegi 16-3-1930 kapengker, manawi mitoeroet kepentinganipoen pantjènipoen parepatan warga; ananging sareng nitik woedjoedipoen teka sadjak dados openbaar. Ing mangka oepami openbare, kok boten wonten wakil saking ndjawi satoenggal-toenggala; mangka kita Ngajodja poenika kados inggih wonten pakempalan - pakempalan sosial, pakempalan toenggil damel sarta poelitik. Éé anoe ta! anggèn koela ngraosi pakempalan poelitik, déné P. P. K. D. ketingal ngatjoeng: ing mangka oepami boten dipoenoelemi, nalaripoen boten mantoek, samanten oegi persoon saking ndjawi (penonton) oegi sepen. Éwasamanten saged oegi kaanggep parepatan Combinatie, nanging namoeng binasinipoen salebeting kalangan Katoelik kémawon. Manawi tatananing pangrèh P.K.W. namoeng tansah makaten kémawon, diwasanipoen pakempalan kita kaseboet badé kedangon tebaning polatanipoen boten saged saja oetawi tambah djembar, malah saged oegi gagajoetan ingkang dèrèng, mèh, oetawi sampoen nama ketjepeng, onja saking tangan. Tjoba koela atoeri tjihna sakedik: Toemindakipoen v. Lith fonds ingkang sanadyan sampoen moenggoeh sanget ngajom wonten P. K. W., ing woesana énggal mangké dipoenpedjahi kagantos nama „van Lith Stichting" toer oewal saking tanganipoen P. K. W. Bab poenika semoenipoen boten dados pamanahan lebet, kapara malah pinoedji wonten ing oedijana ngriki. Kaping kalih Swara Tama sapoenika kaasta déning Missie, ingkang mitoeroet katranganipoen, tjarijosipoen sampoen sarana hijeging K.W. - K.W. Moegi-moegi kantoen satoenggil Roekti - Woeri kémawon sageda widada tjotjog kalijan pawartos saé ingkang koela pireng, amargi poenika langkoeng gawat sarta roempil tinimbang kalih bab ingkang roemijin. Njoewoen ngapoenten ngantos mèh keplantrang.

Djalaran saweg ketembèn poenika, koela njoemerepi sarta toemoet manah sipating konggrès P. K. W. mantoekipoen kalijan kawontenan, ngantos èwed anggèn koela badé mastani. Amargi mitoeroet tjaranipoen pakempalan sanès, ingkang poeroen sasarengan njamboet damel kalijan pakempalan sanès, manawi badé ngawontenaken oepami: 1 Openb. vergadering, 2 Alg. openbare vergadering. 3 Combinatievergadering, 4 alg. leden vergadering sarta 5 Besloten vergadering, pangrèh kedah ngoengak kepentingan ing rembag roemijin sarana (ingkang no. 1, 2, 3) sarana njedahi pakempalan sanès oetawi persoon sanès ingkang kamanah saged anambahi prajogining lampah, moerih saja miraosing wohipoen parepatan.

Andaran ing nginggil poenika boten pisan-pisan mengkoe raos amamaoni, oetawi mastani manawi konggrèsipoen P. K. W. boten saé, oetawi oetoesan pakempalan sarta club sanès, boten dipoenoelemi; o poenika boten. Koela pantji loegoe namoeng anglairaken pangoeda raos. Éwa déné pangoeda raos kasboet manawi kagalih leres, tegesipoen leres anggènipoen kirang leres, mestinipoen pangrèh P. K. W. boten kawratan angéwahi saparloenipoen, soepados ing tembé saged angwontenaken woh ingkang sampoen kelampah.

Gadjegipoen warganing pakempalan poenika kaseboet ing huishoudelijk Reglement, gadah wewenang matitisaken arta kas dalah boekoenipoen, sarana njoewoen idin dateng Pangarsa. Menggah perloenipoen, 1 para warga saged gadah kapitadosan kandel, 2 Pangrèh ladjeng sami ngatos-atos, 3 saoepami tatanan kasboek kirang saé ladjeng saged dipoenprajogèkaken. Amargi sanadyan tijang (hartaka) sampoen roemaos pinter, saged kémawon kelampah boten saged mranata wadjibing kahartakan. Oetawimalih tindak poewoengan, ngangkah poenapa, sarta pitadosan, ing wekdal poenika sampoen boten kanggé.

Anggèn koela kepeksa anglairaken oeloering gagasan ngantos samanten poenika, kabekta saking njoemerepi dateng oreg gedering djawi idjap raos kados gègèr - gègèra, ning dédé gègèré wong ngojak matjan ketjandak, dènwadahi boemboeng. Inggih poenika oreging persatoean. Kadosta: pakempalan Goeroe sampoen manoenggil dados verbond P. G. H. B., pakempalan - pakempalan Pandoe ingkang adedasar kabangsan: Pandoe Kebangsaan (roemijin J. J. P., K. I. P. O., kalijan P. P. S., sampoen moesna sami mandjanma dados K.B.I. (Kepandoean Bangsa Indonesia).

Jong-Java, Pemoeda Indonesia, sami nggebjoer dateng kalangan Indonesia Moeda, dalasan pakempalanipoen para poetri boten poeroen kantoen. Malah énggal mangké koela angsal pamireng bilih para pakempalan toenggil damel ingkang sampoen marambah-rambah manoenggil tansah bibar djalaran kénging daroebeksining mengsah, sapoenika atali wanda malih mingkis lengenan.

Langkoeng - langkoeng ing kalanganipoen kaoem sepoeh ingkang kala semanten tansah sami sikoet - sikoetan, sapoenika sampoen sami tatabikan manoenggil dados babadan satoenggal adjoedjoeloek „Pé tiga Ki"; saged ngawontenaken nasionale bang, fonds nasional, gregoetipoen kados nggondjingna kahjangan Djonggring-Salaka. Wosipoen ing wekdal poenika raos kabangsan sampoen moebal makantar - kantar; sadaja poenika manawi mila sampoen georganiseerd sajektos, mangka gèk saoepami salebeting kalangan kita namoeng tansah pating glenggeng anggènipoen oendjoek-oendjoekan setroep, kainan toer temtoe kineplokan ing lijan. Amargi limrahipoen tijang ketaman pangalem poenika limrahipoen angler pating tretjep. Éwasamanten manawi poen kataman waoe ladjeng roemaos prihatos déning dèrèng angroemaosi gadah lalabetan ingkang pantes ingalembana, ladjeng tjantjoet sarosa ngetog kekijatanipoen kanggé perloening katah, koela mangajoe bagja sanget; inggih poenika djedjering satrijadi trahing Sabtarengga.

Toetoeping karangan poenika koela namoeng saged ndèrèk moemoedji, moegi para panoentoening kamadjengan Katholiek sami anetepana koewadjibanipoen pijambak-pijambak. Wedaring dawoeh wangsoelanipoen padoeda prof. J.v.R. atas pitakènipoen oetoesan K. W. saking Solo, zie Sw. T. no. 12, manawi dipoentindakaken saèstoe, wee la boten baèn-baèn; saweg bibliotheek kémawon mlempem, minggah satataran bab damel pamoelangan, nitik rembag ing konggrès P. P. K. D. énggal mangké, kadjawi pang Medari kalijan Madioen, ... sadjak sami wegah. Éwasamanten sakondoeripoen aséwang-séwangan saged oegi wonten ing dalem toewoeh grengsenging panggalih nglenggahi paribasan: „Pindang loelang katjèk apa".

Soemangga para sadèrèk, barisan kiwatengen kita sampoen ndjirap arangah pinda borang, boten perloe adjrih damel parepatan bar-baran. Noewoen - noewoen, kadjèn lan ketingal kita ing kalangan sanès, namoeng goemantoeng wonten pandamel kita pribadi.

INDONESIER.

INDONESIA RAJA LAN WILHELMUS ING MOSVIBA MADIJOEN.

PERS POETIH PEMBOHONG!

Sw. T. dinten poenika, ngewrat ringkesaning paniti - priksa bab lalampahan *Indonesia - Raja - Wilhelmus* ing Mosviba Madijoen. (- mriksani: Oerap - Sari ! -) Ing ngrikoe tétéla bilih babar pisan boten wonten sedya mahargja pandjenenganipoen resident, mawi sasanti Indonesia Raja. Dados leres kados ingkang kapratélakakaken ing serat sebaranipoen redactie *Mardi Kasantosan*, kaseboet ing Sw. T. 4 April no. 14.

Para prijantoen!

Kala soemebaring pawartos: ing Mosviba Madijoen wonten kedadosan prakawis rebat - inggilipoen Wilhelmus kalijan Indonesia Raja, serat-serat kabar sami mahjahaken pamanggihipoen. Pamanggih - pamanggih waoe katah ingkang boten ngroedjoeki tradjangipoen para siswa Mosviba, kamanah: moerang tata; boten saé taksih moerid njambi toemindak kenèh-kenèh makaten poenika, ...sasaminipoen. Kala samanten, koela inggih damel wawasan, kawrat ing Sw. T. 28 Maart, no. 13.

Sampoen mesti kémawon anggènipoen serat-serat kabar ngriki, oet. sawenèhing serat kabar Welandi damel wawasan, poenika awawaton kabar ing pers Walandi. (- Manawi koela boten kalèntoe, s.k. *Mataram* ing Ngajogja, kalebet roemijin pijambak anggènipoen martosaken -).

Dados, kalèntoening pamawasipoen serat-serat kabar waoe, margi *gorohipoen* serat kabar petak. Dados serat kabar petak, ingkang *kedosan* kalijan journalistiek, kedosan oegi kalijan *tijang katah*. Manawi kapandjangaken malih, oenderaning lepat wonten directeur ingkang toemindak *groesa-groesoe*, ladjeng kémawon agé-agé tilpoen resident. — Lepating dirèktoer poenika, dipoenimbeti malih lepatipoen resident ingkang ladjeng *goegon - goegonen* tjrijos - tjrijos lan élik - élik dateng sinten kémawon ingkang pinanggih, toer mawi dipoenboemboni barang!

Sanadyan oenderaning lepat wonten prijantoen kakalih ing nginggil, éwadéné pers petak inggih meksa kedosan. Awit, ingkang mratahaken pawartos waoe, wiwitanipoen serat kabar petak.

Ing *djaman gawat* poenika, tetijang Walandi katah ingkang kamigilanen dateng politiek. Tijang ngriki ngaten sekedik kémawon, sampoen dipoentjap politiek. Pangraosipoen ing sapoeroeg tansah kaetoetaken momok politiek! Moerid èstri ing Huishoudsch. Ngajogja ngriki mentas kémawon wonten ingkang lalajanan kalijan poelisi, margi pandameling goeroenipoen. Moerid waoe gadah potrèt toegelan. Sareng dipoentingali goeroenipoen, poen goeroe moering, teroes tilpoen dateng poelisi. Awit, roemaosipoen gambar waoe gambaring bangsanipoen, lan kaanggep: merendahkan, beleediging! Sareng kaoeroes, poelisi saged mangertos, gambar waoe djeboel gambaripoen tijang ngendat kala taoen kapengker wonten margi trèm S. J. S. ing Djoewana, ingkang sirahipoen ladjeng pisah kalijan gemboeng.

Dados anggènipoen dirèktoer Mosviba ladjeng *kesesa* lapoer resident, lan resident anggènipoen ladjeng tjrijos - tjrijos, poenika *boten mokal* manawi kabekta saking kami-gilanen dateng momok politiek!

Mirit tjarijosipoen mr. Fruin gégémbong Vaderlandsch Club, kala sosorah wonten kita ngriki (9 April '30) koela saged mangertos bilih adjeng-adjenganipoen raos kabangsan Walandi kalijan Indonésijah) pantjèn saja katingal.— Mila, *boten mokal* malih manawi serat kabar petak anggènipoen damel pawartos waoe mawi ketjampoeran adjrih momok politiek lan boten seneng kalijan bangsa ngriki.

Para sadèrèk! Sampoen sawatawis lami pers sini sami marabi pers sana „Pers Poetih Pembohong" oet. asring katjekak P. P. P. Kala semanten koela namoeng kèndel kémawon. Sapoenika sareng sampoen meningi ketatalan - ketatalanipoen, koela inggih saged moengel toemrap prekawis² ingkang magepokan kebangsan sini, pers petak kerep pantes dipoenetjap *„Pers Poetih Pembohong."* Sampoen mesti kémawon, paraban makaten poenika boten kedah katoemrapaken sadaja pawartos ing pers petak. Djer *njatanipoen* koran² ngriki dalasan ingkang ageng² pisan inggih sami metiki kabar-kabar ing koran Walandi! Kadjawi poenika, tijang inggih kedah ènget kawontenan ing ngalam donja: goroh sapisan baé, sagoenemgoenemé ora diendel. Mila boten nggoemoenaken manawi pers petak angsal paraban P. P. P. waoe!

Gandèng kalijan lalampahan ing Madijoen, tétéla bilih actief-ipoen koran ngriki boten kados koran Walandi. Saoepami *njarengi* wedalipoen pawartos Madijoen ing pers petak waoe, pers ngriki inggih matjak kabar Indonesia - Raja - Madijoen, mbokmanawi boten katah tijang ingkang dados koerbaning kabar dora. *Sedya - Tama* ngewrat pawartos saking Madijoen nggorohaken kabar Mosviba ingkang kawrat ing serat kabar petak, nanging inggih sareng swasana ngriki sampoen kasrambahan gorohipoen P. P.P.! (- Éwadéné Sedya-Tama meksa pantes pikantoek pangaleman -).

Lalampahan ing Madijoen poenika, sadèrèk, kagema pangènget-ènget bilih pers petak dèrèng temtoe kénging dipoen-gega. (-Mila sampoen mendem pers Welandi! -) Nanging inggih dadosa panggoegah sageda actief-ipoen pers ngriki mapaki oet. ngoengkoeli pers Welandi!

Wasana,—ngenggèni tata-krama— koela ingkang dados koerbanipoen kabar goroh, ingkang wonten Sw. T. no. 13 ndawahaken poetoesan boten saé toemrap siswa Mosviba, koela njoewoen pangaksama dateng para siswa kaseboet, langkoeng-langkoeng dateng pakempalan „ Mardi Oetama."

Namoeng saprekawis ingkang koela welingaken dateng para anèm sinten kémawon: „Ing salebetipoen taksih sekolah, sampoen manah prekawis sanèsipoen kedjawi pasinaon!"

Poerwakinanti 12 April '30
Taklim koela
A. S. Dwidjasaraja.

CORRESPONDETIE.

!?! mriksanana Sw. Tm. minggoe poenika: ing ngrikoe sad. sampoen ngakeni lepatipoen: dados kagoenganipoen boten soesah kapatjak.

Sad. S. te Temp. sampoen kita oeroes. Makaten oegi sad. S. Adipratala.

Para lengganan dipoenatoeri énggal-énggal maringi priksa dateng Administratie, manawi boten tampi Sw. Tm. Kados-kados katah serat kita ingkang kabégal ing margi.

OERAP-SARI.

KABAR KATHOLIEK.

Pangandika dalem I. S. Kg. S. Rama dateng Vastenpredikers.

Sasakit kalih warni ing djaman sapoenika.

Kala para Vastenpredikers sowan audiëntie sami dipoenpangandikani katah-katah bab wadjibing prediker sarta bab mangrasoei-krida. Pangandika dalem waoe ingkang bakoe:

1e. Bab ndléjanipoen tijang sepoeh babagan wadjib ngreksa anak-anakipoen djaler lan èstri ingkang sampoen diwasa ingkang ladjeng toemindak sakadjeng-kadjengipoen. Djaman sapoenika anggadahi panganggep bapa bijoeng sampoen boten gadah wewenang ngoelataken tindaking djedjaka lan prawan-prawanipoen. Kawoesananipoen, ladjeng itjal pengadji-adjinipoen dateng tijang sepoeh.

2e. Bab babaja toemrap para anèm, doemoenoeng wonten boekoe-boekoe saroe. Boekoe-boekoe saroe poenika waoe boten namoeng moerang tata dateng Pangéran, oegi dateng kodrating manoengsa.

Sampéjan dalem maosaken cataloges boekoe-boekoe saking golongan fascisten, ing ngrikoe pinanggih wonten boekoe ingkang sanget boten dados renaning panggalih. Éwadéné oemoemipoen, boekoe-boekoe wedalan fascisten waoe sami maédahi kanggé para moeda.

Kongregasi Riten.

Tjabangipoen kongregasi Riten sapoenika, saking karsa dalem I.S. Kg.S. Rama dipoenwewahi satoenggal malih, golongan Babad.

Ingkang winisoeda dados generaal-rector nomer satoenggal, pandjenenganipoen pastoer Henri Quentin.

Darma kanggé Missie.

Ing Roem wonten panitya saking golongan pabrik lan dagang, sedyanipoen badé njaosi barang-barang dateng ngarsa dalem ingkang sakinten migoenani kanggé betahing Missie, oep. kémawon ingkang moerakabi kanggé sakolahan-sakolahan, apotheek, kamar bolah, oegi bab kagoenan — jajasan (bouwkunst) ingkang toemrap sawenèhing missionaris perloe kedah saged nindakaken.

Panitya waoe dipoenpangarsani tilas minister Openbare werken toewan Cavazzoni, ingkang ladjeng njebar wara-wara dateng sadaja pabrik-pabrik lan toko-toko ing satanah Itali.

Missie Palembang 5 taoen.

Tanggal 12 April poenika Missie Palembang mèngeti 5 taoenipoen. Pastoer ingkang ngrawoehi Palembang roemijin pijambak pandjenenganipoen pastoer van Oort golongan imam Tyas Dalem, i.p. kala 9 October '24. Kala semanten manawi ngoendjoekaken Mis Soetji taksih manggèn wonten papan vergadering ing landradan. (Raadhuis). Bandanipoen namoeng awoedjoed: bangkoe Komini, koersi kanggé sembahjang, gambar kalih lan baboed. Pastoer v. Oort anggènipoen dedalem wonten hotel Moesi.

Wiwit taoen 1926, Missie ngrikoe menggalih prakawis onderwijs. Sakawit ngawontenaken H.C.S. nanging boten dados; ladjeng ngedegaken H.I.S. Prakawis kasarasan oegi kapanggalih. Kala Sept. '26 Missie ing ngrikoe nglijer hospitaal partikelir.

Taoen 1927, Palembang saged ngedegaken K.S.B. lan ngedalaken serat kabar minggon anama *Katholiek Leven*.

Tanggal 13 Aug. 1929 Missie ngrikoe saged ngintoenaken tjalon-imam ingkang sapisanan dateng seminarie-alit ing Menado.

Ing Palembang gadah Pastoer 3, Broeder 1, lan Zuster 14. Tjatjahing tijang Katholiek wonten 938.

Sekolahanipoen 5, moeridipoen 325. Kedjawi poenika gadah internaat kanggé laré èstri bangsa Éropah, lan laré djaler bangsa Priboemi.

Katholiek ing Schotland.

Tjatjah djiwanipoen tijang Kath. ing Schotland goenggoeng kempal sampoen wonten 600.000.

Tjatjahing Imam: 662; tjatjahing Missionaris saking ngrikoe 268. Tjatjahing Grédja 455, sakolahan-sakolahan 227.

KABAR OEMOEM.

INDONESIA.

SAKING NGAJOGJA.
Konggès P. P. P. H.

Tanggal 27, 28, 29 lan 30 woelan poenika, ing Ngajogja wonten konggrèsipoen golongan Pagantosan, manggèn ing Djajadipoeran. Openbare vergadering 30 April ngrembag: 1. Vakbeweging, pamedar sabda sadèrèk N. O. S. Tjakraaminata lan Sjamsoerridjal (rechtskundige directeur departement Pemoeda gadahanipoen P.S.I.I.). 2. Verslag titipanipoen P. P. P. H. kala H. A. Salim dateng Europa, sarta oegi wawasan ébahipoen kaoem berah ing Europa.

Lezing mr. Fruin.

Lezing-ipoen mr. Fruin djempolan Vaderlandsche Club wonten Ngajogja kala 9-4-'30, kedjawi sanès-sanèsipoen njarijosaken: a. V. C. badé ngadjengaken adab lan economienipoen tijang Indonésijah (cultureele en economische ontwikkeling). b. Ngajomi bangsa ngriki sampoen ngantos kataman dajaning kaoem lan actie mérah. c. V.C. anggadahi gagajoehan: ngandelaken raos kabangsan Walandi; nanggoelang politiek mbibrah paprèntahan Walandi; ngentjengaken tetangsoel Nederland kalijan Indonesia. V.C. boten lila manawi pakarjan ageng (tegesipoen: anggèné Nederland saged andjadjahaken Indonesia — A. S. D.) ingkang doemadosipoen saking bangsa Walandi kalijan Indonesia, kasirnakaken. Nederland kalijan Indonesia babar pisan boten kénging kapedot.

Pangroekti Laja.

Parepatan 13-4-'30 katenggan ing tijang 150, moetoes: a. dana f 50 dateng P.D.G.; b. Menawi wonten warga kesripahan, boten soesah tjoetjoel wragad kanggé bedah boemi.

P.P.I.I. kalijan vrouwenhandel.

Gandèng kalijan wontening lalampahan laré èstri 3 asli Koetawinangoen konangan anggènipoen badé kasadé dateng Singgapoer*), pangrèh-ageng P. P. I. I. kala Slasa sonten 15—4—1930, ngawontenaken parepatan kalijan wawakiling pakempalan² sawatawis ing Djokja. P. P. I. I. badé nanggoelangi padagangan laré èstri. Rèhné prakawis poenika kalebet angèl, kekentelaning rembag ladjeng badé andapoek komisi awoedjoed P. P. I. I. kalijan wawakiling pakempalan-pakempalan ing Ngajogja. Koemisi poenika ingkang tjalon mboedidaja sagedipoen njirnakaken vrouwenhandel.

*) zie kabar ing kolom 4 poenika. *Red.*

Trèm èlèktris.

Kawartosaken wiwit 1 Mei ngadjeng poenika, kadjawi goederentrein satoenggal, sepoer Betawi — Bogor badé loemampah electrisch.

Pamedal S. S. lan N. I. S.

Pamedal S. S. tanah Djawi ing woelan Maart '30 wonten f 4.542.393; oet. soeda 645.333 tinimbang kala Maart '29. Déné ing sadjawining th. Djawi soedanipoen f 16,304.

Kwartaal I ing taoen poenika, manawi katanding kalijan kwartaal I taoen '29, soedaning pamedal S. S. ing tanah Djawi f 2.231.831, déné ing tanah sabrang f 96.102.

N. I. S. woelan Maart poenika tampinipoen soeda f 484.138 manawi katanding kalijan Maart '29. Kwartaal I taoen poenika manawi katanding kwartaal I taoen '29 soedanipoen f 1.669.706.

Prakawis ing Mosviba Madioen.

Manoet *Locomotief* karampoenganing paniti priksa bab prakawisipoen siswa Mosviba Madioen kadakwa nalika damel karaméjan ngemohi Wilhelmus badé kasantoenan Indonesia Raja, poenika makaten:

Sadaja siswa ingkang lepat kaoekoem manoet pranatan sakolahan. Sawenèh ingkang katingal katah lepatipoen, boten dipoenlilani mlebet sinaoe ngantos 14 dinten. Déné moerid ingkang kamanah dados goegoenoenganipoen badé kawedalaken saking pamoelangan; bab poenika pangageng ingkang langkoeng inggil ingkang badé netepaken.

Kabar-kabar lan komentar bab lelampahan ing Mosviba Madioen sami kelatjoeten. Ingkang makaten waoe margi directeuring pamoelangan anggènipoen ngabari dateng resident sakawit sarana tilpoen ingkang ladjeng tinampi kados oeloek-oeloek poenapa kados-poendi (alarmeerend). Ambtenaar kirang pangatos-atos, dèrèng kapriksa poenapa ladjeng wawartos dateng sanès, poenika pantes dipoen-getoeni, awit prakawis sekolahan ingkang pantjènipoen boten sapintena, ladjeng andjalari wontening gagasan-gagasan lan panganggep boten leres.

Wasana tétéla bilih: 1e. pantjèn boten wonten sedya babar pisan nedya mahargja rawoehipoen resident mawi lagoe Indonesia Raja. 2e. Namoeng wonten siswa satoenggal ingkang kerep sasrawoengan kalijan tijang golongan kebangsan, ladjeng wonten klas adapoer gegoedjengan lan sembranan anjeboet „Indonesia Raja''; prakawis makaten poenika ladjeng kémawon goegoep-goegoep kalapoeraken resident, wasana ndadosaken seling serep. 3e. Leres, pantjèn wonten siswa sawatawis boten poeroen ngoengelaken Wilhelmus, margi sampoen adatipoen salebeting sadasa taoen kepengker saben wonten pasamoewan makaten boten naté ngoengelaken Wilhelmus, nanging monggang. Semanten oegi toemrap pasamoewan kala samanten, laré-laré waoe gadah pamanggih boten wonten djalaranipoen ingkang kedah ngoengelaken Wilhelmus, langkoeng-langkoeng déné kraméjan-kraméjan ing sakolahan ngrikoe selaminipoen tansah kaborongaken dateng para siswa. 4e. boten wonten sedya badé njantoeni Wilhelmus dados Indonesia Raja, lan wasananipoen para siswa inggih sami poeroen ngoengelaken Wilhelmus sarta njoewoen pangapoenten dateng pandjenenganipoen resident. 5e. para siswa anggènipoen boten poeroen ngoengelaken Wilhelmus waoe kabekta saking koewatos manawi ginagoedjeng kantja-kantja ing sekolahan sanès ingkang tjalon ndatengi pista waoe (— N. B. oesoel ngoengelaken Wilhelmus waoe saking pangageng internaat énggal tw. Beckering, awit kala wonten Minahasa koelinanipoen oeger ing hoofdensch. wonten pista makaten poenika mawi ngoengelaken Wilhelmus. —)

6e.: kawontenan ing sakolahan waoe, saé, lalajananipoen goeroe kalijan moerid inggih soa-saé kémawon. 7e.: kasoemerepan para siswa Mosviba ingkang katah-katah sami gadah raos kabangsan ingkang saé, rahajoe. Nanging wonten ingkang kerep sanget sandja ing grijanipoen golongan kabangsan, kadosta pangarsa B. O. Madijoen. Inggih leres pangarsa B. O. poenika waoe tradjangipoen mawi doegi-doegi lan watawis, nanging adinipoen atradjang mérah. Kadjawi daja poenika, inggih kedajan saking moerid-moerid sakolahan sanès. Mila siswa Mosviba Madijoen waoe sapérangan alit inggih wonten ingkang ngandoet gagasan extremistisch. 8e. Dados kedjawi moerid sawatawis, ingkang djenggoel-djenggoelipoen ladjeng kakésahaken poenika, kawontenanipoen siswa ngrikoe saé kémawon, boten perloe kakoewatosaken.

Arta darma kanggé kasangsaran bandjir ing Parangakik.

Klempakipoen arta darma saking ngriki ingkang tinampi, kongsoel-djéndral Parangakik tw. Bodard kanggé kasangsaran bandjir ing Parangakik wonten f 17.065.95.

Prakawis badé medjahi nonah Poppie Bekkering.

Manoet tjarijosipoen *Aneta*, Karim bin Abdoellah saking Makasar, angakeni manawi ingkang misakit nonah Beckering badé kaangkah pedjahipoen, poenika pijambakipoen.

Mandor dipoenpedjahi koeli.

Sum. Post. njarijosaken mentas wonten koeli 4 ing onderneming Kwala Krapok nandangi mandoripoen, ngantos soekoenipoen sempal, njawanipoen ontjat, adoes rah. Koeli 4 waoe dipoentjepeng. Kawertosaken ingkang dados sababipoen margi poen mandor nandoekaken patrap boten saé dateng koeli-koeli waoe.

Hoofdacte.

Directeur Onderwijs & Eeredienst, anetepaken cursus oemoem kanggé hoofdacte taoen ngadjeng poenika, papanipoen tjalon wonten Bandoeng.

Éwah-éwahan ing H. I. S.

Wonten kabar, ing H. I. S. prov. Djawi Tengah badé wonten éwah²an toemindak woelan Djoeli ngadjeng poenika. Toemrap moerid-moerid klas 6 lan 7 pasinaon basa boemi badé kadawahaken wantji sonten. Déné woelangan basa boemi ingkang sapoenika dawah éndjing badé kagantos woelangan basa Walandi. Anggènipoen kaéwahan makaten poenika, soepados basanipoen Walandi laré-laré H. I. S. saged langkoeng inggil. Wedalan H. I. S. sapoenika poenika kapenggalih taksih kital tjara Wlandinipoen *(Bahagaia)*.

Tijang sadé djimat dipoentjepeng.

Ing Tandjoengpoera mentas wonten tijang Djawi sadé djimat-kadigdajan dipoentjepeng.

Kabesmèn ageng.

Kala Ngahad 13-4-'30 djam 11.30 sijang, goedang kopra gadahanipoen pabrik lisah Archa sawingking gedong Justitie Betawi, kabesmèn. Kopra ingkang wonten goedang waoe 2000 pikoel. Tegesipoen kapitoenèn f 25.000, poenika dèrèng kapétang kalijan risaking goedang lss.

Djiwa énggal ing Digoel.

Sadèrèk *Marsoedi* (tilas klerk S. S. Soerabaja), *Goenardja* alijas *Hardjasepoetra* (tilas krani Madoera Stoomtr. My), *Ahjadiredja* alijas *Ahjasoepardi* (asli Bandoeng, tilas kondèktoer S. S.), toewin radèn *Raswararoemeksa* alijas radèn mas *Soedjana* (tilas posthuiscommandant ing kasoenanan Soerakarta), sami kaboetjal dateng Digoel.

Pangiridan B. P. M.

Manoet tjarijosipoen *Deli Courant*, B. P. M. damel poetoesan ing akiripoen woelan poenika badé noetoep pakarjanipoen ing Langsa. Poenggawa-poenggawanipoen bangsa Walandi toewin Indonésijah badé dipoenkèndeli oetawi kapindah. Ingkang dipoenkantoenaken wonten ngrikoe namoeng mandor kalijan koeli sawatawis perloe andjagi gedong² lan oeroeng² ing ngrikoe.

Perscensuur.

Manoet pamirengipoen *Het Nieuws*, Directeur van Justitie pikantoek dawoeh saking Nagari ngrantjang pranatan kanggé anindakaken censuur ing serat kabar. Pers-censuur poenika waoe mboekmanawi awoedjoed ordonantie, lan taoen poenika kinten-kinten kémawon sampoen saged karembag wonten raad kawoela.

Padagangan laré èstri.
(Laré èstri tiga badé kasadé).

X. wonten ing *Sin Po* njarijosaken lalampahanipoen laré èstri tiga oemoer 12 — 14 taoen, asal saking Koetawinangoen Keboemèn, dipoensadé. Laré waoe dipoenapoesi badé dipoensoekani pandamelan. Kala 24 Maart laré katoempakaken baita sareng-sareng koeli kontrakan katah ingkang badé dateng Médan. Dr. Saoeddin ingkang kala semanten ndilalahipoen oegi noempak baita waoe, migatosaken laré tiga kaseboet ingkang tansah nangis lan boten ngrèwès koeli - koeli kontrak sanèsipoen. Sasampoenipoen dipoenpitakèni, dokter Saoeddin ladjeng mangretos laré èstri 3 waoe dédé panoenggilanipoen tijang kontrakan, nanging badé dipoensadé dateng Singgapoer. Rikala kapal kèndel wonten Singgapoer soedagaripoen (kadji) katingal madosi laré waoe. Kala semanten, kanti pitoeloenganipoen kaptin kapal, poen laré sam-

---

ONTJÈN SEKAR GAMBIR MELATI.

KASOESILAN ING DJAGAD KATHOLIEK.

PANGANGGÉNING WANITA.

(*Golongan* **Wanita, Tijang Sepoeh,** lan **Goeroe,** kaatoeran migatosaken.)

Sw. T. 11 April njarijosaken dawoeh saking Rome angentjengi soesilaning panganggénipoen wanita.

Dawoeh waoe wonten 12 bab, ringkesaning soeraosipoen makaten:

1e. Loewih-loewih para Pastoer koedoe ora kendat mitoetoeri wanita manawa njandang-menganggo koedoe sing soesila. Samono oega wong-wong toewa ija adja kendat digrètèhi menging anaké wadon manganggo sing ora pantes. 2e. Wong toewa koedoe ngèlingi bakoening koewadjibané nggoela-wentah anak prakara Agama lan kasoesilan. Moela wiwit tjilik moela, anaké wadon koedoe pinardi woelang-rèh Katholiek. Katresnané marang kamoersidan, kasoesilan, koedoe katetangi sarana temboeng lan toelada. Kedjaba koewi koedoe njoedarsana Brajat Soetji: rarakitaning omahé bisaa nenarik atiné sapa baé sing mrono tresna lan nglakoni ngibadah. 3. Wong-wong toewa koedoe ngedohaké anak-anaké wadon saka oelah raga lan wedstrijd sing blak-blakan. Déné jèn ana kepeksané mèloe, ija koedoe didjaga soepaja menganggo sing patrap. 4. Para panggedéning college wadon lan goeroe-goeroe wadon ing sakolahan wadon koedoe nggegoelang moeridé nresnani kasoesilan, menganggo sing trapsila. 5e. Moerid-moerid wadon lan oega bijoengé kang menganggo ora soesila, koedoe ora kena mleboe ing sekolahan lan college, oet. diwetokaké; kedjaba jèn bandjoer gelem ngowahi. 6e. Para Zusters (Religieuzen) ora kapareng nglebokaké botjah wadon sing menganggo ora pantes ana ing sakolahané, college, kapèl apadéné kamar² dolan. Moerid-moerid wadon koedoe dipenging menganggo sing ora ngristeni. Panggoela-wentahé prakara isin toemrap patrap moerang kasoesilan koedoe sing temenanan, bisaa toemanem djero ana ing atining botjah-botjah. 7e. Koedoe ngihtijari ananing pakoempoelan-pakoempoelan-soetji toemrap golongan wanita kang sedyané nanggoelangi panganggoning wanita sing ora ngristeni, apadéné ngadjokaké kasoesilan lan panganggo sing pantes. 8e. Pakoempoelan wadon iki maoe ora pareng nampani warga sing panganggoné ora soesila. Déné jèn ing bésoek ana wargané sing manganggoné ora patoet, wis diélikaké mangka isih ndadra, koedoe bandjoer diwetokaké. 9e. Botjah-botjah wadon lan wong-wong wadon sing menganggo ora soesila, ora kapareng nampani Sakramèn Maha Soetji: ora kalilan dadi Emban-Baptis lan Embaning-Sakramèn-Kasantosan. Malah jèn ana perloené, mleboe Grédja baé, koedoe ora pareng. 10. Adja anglirwakaké dina-dina gedé kang matoek kanggo nglebokaké wewarah kasoesilan-Katholiek. Loewih² manawa mbeneri riaja Dalem Dèwi Marijah, para Pastoer kang dadi toetoewané pakoempoelan-wadon kaseboet ing doewoer, adja pada lali ngélingaké para wanita menganggo sing soesila. Ing dina riaja Dèwi Marijah pinoerba Soetji, sawisé winarah, ing saben Grédja anaa sembahjangan mligi kanggo njoenjoewoenaké soesilaning panganggoné wanita. 11e. Raad Kabiskopan (— Diocesane Raad van Waakzaamheid —) pendak taoen nganaknaa moesawaratan ngremboeg tjara lan ichtijar-ichtijar sing matoek déwé kanggo ngadjokaké kasoesilaning wanita. 12e. Pendak teloeng taoen, Biskop-Biskop lan Panggedé lijané koedoe ngladèkaké palapoeran sing magepokan karo panganggoné wanita marang H. Congregatie v. het Concilie, bareng-bareng karo palapoeran prakara Agama.

***

Sinten ingkang ngraosaken dawoeh ing nginggil, ladjeng mangertos bilih:

a. Pasamoewan Katholiek sanget roemeksanipoen dateng kasoesilan.

b. Dawoeh ing nginggil poenika *bakoenipoen* toemoedjoe dateng kadang wanita Kath. bangsa Kilèn.

Djagading wanita Kilèn pantjèn mendem: rok tjekak ndoewoer dengkoel, lengenan proetoel, krowakan ing dada ngoblak-oblak; kaos kang warnané kaja pakoelitané! .... Bangsa Éropah manawi soemerep tijang Dajak, Papoea sami moengel: „bangsa doeroeng tata". Iroengipoen sami tjoengir-tjoengir! Oepami modota makaten, mindakipoen satjengkah langkoeng. Éwadéné njonjah lan nonah-nonahipoen kénging kawastanan woeda boten béda kalijan tijang Dajak lan Papoea. ngGoemoenaken saèstoe!!

Para sadèrèk! Kala malem Setoe 11/12 April poenika, Patjar Mérah omong-omongan kalijan pengageng toko bangsa Walandi. Walandi waoe tanpa Agami. Kelantoer-lantoering tijang omong-omongan, dangoe-dangoe nggepok panganggénipoen wanita Éropah! Toewan pangagenging toko waoe tjrijos: „Mijnheer, botjah djaman saiki iki, wiiis ta, oemoer 8 taoen baé wis ngerti anaani, tètèk-bengèk, kerlip-kerlipan! Béda karo dèk djamankoe! Sinjo oemoer 16 taoen doeroeng denger barang-barang!— „Apa sababé toewan?"— Sab, tjah saiki iki saben dina *njipati* kaanan sing ora pantes! Saben djam weroeh rok-tjekak-ndoewoer-dengkoel; weroeh gambar reclame bioscoop saroe-saroe!"— O, ngono dadi!— Ing batos, koela keleresan sanget. Saged pikantoek paseksèn wisanipoen moderne kleeding saking golongan ngrika pijambak toer tanpa Agami.

Pantjèn! Gagraging panganggénipoen wanita Kilénan djaman sapoenika, saèstoe nggegempal kasoesilan. Saged noewoehaken tjlekoetiking gagasan warni-warni. Saged nggagaraken panembah; ngrérégoni eninging gagasan; ngegreg-egregi loehoering pangèsti; nggegaroehi tijang manoengkoe poedja! Panganggé gagrag *„alasan"* poenika noewoehaken swasana ingkang misani kasoesilaning para moeda! Mila inggih sampoen leresipoen, Pasamoewan Katholiek kentjeng sanget anggènipoen nanggoelang prakawis poenika.

Maos dawoeh ing nginggil, koela ladjeng kèngetan nagari Itali, tanah doenoenging kadatonipoen Wakil Dalem, inggih kradjanipoen sang misoewoer ing djagad Mussolini! Negari poenika, sadèrèk, sanget anggènipoen ngreksa kasoesilaning kawoelanipoen. Saking pamawas koela, boten wonten nagari ing Éropah ingkang pangreksanipoen dateng kasoesilan, dateng angger-angger VI, kados nagari Itali. Ing nagarinipoen fascisten poenika, panganggénipoen wanita kedah: *a.* Boten kénging kesingseten, metinting-metinting, kesemrawangen! Lengenan kedah doemoegi oegel-oegel. *b.* Rokipoen laré èstri kedah noetoepi dengkoel. Déné rokipoen prawan-prawan lan tijang èstri kedah doemoegi oegel-oegel soekoe. *c.* Boten kénging nganggé kaos semrawang, oet. kaos ingkang warninipoen sami kalijan pakoelitan .... (zie *Koerier* 25 Juli '29).

O, moegi nagari-nagari Éropah sanèsipoen samia njoedarsana pradja Itali......!!!

***

Wasana, sanadyan dawoeh poenika bakoenipoen toemrap wanita bangsa Kilèn, nanging prajogi oegi winigatosaken Wanita Kath. Indonésijah. Awit, koela inggih kerep kémawon soemerep Wanita Katholiek Djawi nganggé rasoekan kain gelas, traping rasoekan saklangkoeng ambeseset. enz.! Malah wonten Klatèn Patjar Mérah naté mregoki kenja Katholiek ingkang sadjakipoen gandroeng moderne kleeding gagrag Éropah! Kadjawi poenika ing kalangan Wanita Kath. Djawi inggih wonten ingkang madjeng dateng sport. Ingkang makaten waoe, jèn léna, ndrawasi!!!

O, sadèrèk aloening modernisme ingkang saged nglaroetaken kasoesilan Wétanan, kedah kita *prajitnani!!*

Kumuningsaselé 13 April '30.

Taklim: *Patjar-Mérah.*

Lair kanti wiloedjeng
ing dinten Djoemoewah **28 Maart 1930:**
IRMINA - NÈSTRI - HARDJAPRAWATA.
BATANG 14-4-'30.

NGATOERAKEN:
BEKTI, TAKLIM
lan
POEDJI RAHAJOE,
ING
DINTEN RIAJA PASKAH.
Brajat A. S. Dwidjasaraja.

DJAMNJA HARI ACHAD DI SEMENTARA TEMPAT ADA KOERBAN MISSA.

Ambarawa	6.-7.30.	Lamah	5.30-6-8.	Pekalongan 8)	7.30.	Soerabaja:	
Amboina	7.30.	Lawang 5)	7.	Pemalang 3)	7.30.	Kepandjèn	6-7-9.
Bagan Siapi-api	7.30.	Madioen	6-7.30.	Pemangkat	8.30.	Anita Boul.	6-7.30-9.
Bandoeng	6-7.30-9.	Magelang	7 9.	Poerwokerto	7.30.	Soerakarta	6-7-8.30.
Benkoelen	7.30-9.	Makassar	6-7.30.	Poerworedjo	7-8.30.	Tandjoeng Balai	7.30.
Blitar	7.30.	Malang	6-7.15-8.30.	Pontianak	7-8.30.	Tandjoeng Karang	8.
Buitenzorg	6-8.	Manado	6-7.30.	Probolinggo	7.30.	Tandjoeng Sakti	7.30.
Cheribon	7.30.	Medan	6.30-8-8.30 (tjina).	Salatiga	7.30.	Tara-Tara	7.30.
Djember	7.30.		9.30 (mal.).	Sambas	6-8.30.	Tegal 2)	7.30-9.30.
Djokja:		Medari 6)	7.30.	Sambong	8.	Tering	7.
Kampementstraat Eur.	7-9.	Meester Corn.	7-9.	Sawah Loento	7-8.30.	Tjilatjap 8)	7.30.
" Jav.	6-8.	Mendoet	6-7.30.	Sedajoe	7.	Tjimahi	6-8.
Kota Baroe	6-7.30.	Modjokerto	6-8.	Sedjiram	5.45-8.30.	Tomohon	7-8-9.
Djombang 1)	7.30.	Moentilan	5-6-8.	Semarang:		Wates 7)	7.
Fort de Kock	7.30.	Muntok	8.	Gedangan	6-8.	Weltevreden:	
Gandjoeran 2)	7.	Ngawi 7)	7.30.	Bangkong	6.30-830.	Waterlooplein	5.45-7-9.
Gombong 3)	7.30.	Padang	7-8.15-9 (tjina).	Tjandi	7.30.	Kramat	6-8-9 (mal.).
Keboemèn 4)	7.30.	Padang Pandjang	7.30.	Randoesari	7-9.	Wonosobo 8)	7.30.
Kediri	7.30.	Pajakoembo	7.30.	Singkawang	6.30-9.	Woloan	8.30.
Klatèn	7.30.	Palembang	7-9.	Soekaboemi	6-7.30.		
Koeta Radja	6.30-8.	Pasoeroean 1)	7.30.	Heuvel	5.30.		

1) 1e. Achad. 2) 1e. + 3e. Achad. 3) 2e. Achad. 4) 1e. Achad tiap² doea boelan. 5) 1e., 2e., 4e. Achad. 6) 2e., 4e. Achad. 7) 3e. Achad. 8) 3e. Achad.

poen kapapanaken dr. Saoeddin wonten klas kalih. Laré waoe ladjeng kabekta dateng Médan, kapasrahaken mevr. mr. Koesoema Soemantri. (Laré waoe sapoenika sampoen kawangsoelaken).

Pakempalan wanita P. P. I. I. migatosaken prakawis poenika.

Poesering wèrek njadé laré èstri poenika sadjakipoen ing Médan, Singgapoer, Mr. Cornelis lan Poerwaredja oet. Keboemèn, awit saben-saben ing ngrikoe wonten wartos laré èstri dipoentjolong. Semoe-semoenipoen wèrek laré èstri waoe inggih sasambetan kalijan mandor kontrak. Manawi boten klebet dados koeli kontrak, ladjeng kasadé dateng Singgapoer kalijan regi 200 — 300 dollar saben prawan satoenggal.

(Lalampahan ing nginggil poenika dadosa pèpèngetipoen para ingkang kagoengan poetra èstri, langkoeng-langkoeng ingkang kasekolahaken wonten papan sanès! Langkoeng prajogi ingkang poetra èstri kalebetaken wonten internaat, tinimbang kapoerih ngladjo srana prebijèt! Red. Sw. Tm.).

Manoet *Aneta* taoen kapengker poenika biro-negari kanggé nanggoelang padagangan tijang lan laré èstri ngoeroes 191 prakawis ingkang magepokan vrouwenhandel. Prakawis semanten poenika ingkang 84 kaloewaran, ingkang katah-katah ladjeng sami kakésahaken saking Indonésijah. Ingkang sami nglampahi pandamelan makaten waoe *mèh sadaja* **bangsa Tionghoa.** Tetijang poenika waoe sami kapotrèt; Potrètipoen wonten 5000 kakintoenaken dateng pangageng-pangageng ing ngriki lan tanah-tanah sabrang. Bab padagangan laré, biro waoe ngoeroes 104 laré djaler dèrèng ngoemoer, lan 32 laré èstri dèrèng ngoemoer. Ing sapoenikanipoen, goenggoeng kempal biro waoe ngreksa immigranten laré 563 ingkang dèrèng oemoer 17 taoen. Laré immigranten dèrèng ngoemoer, ingkang késahipoen pijambakan, poenika laré-laré ingkang kasadé kadadosaken koeli.

Secretaris Departement Marine.

Toewan J. J. M. Th. Beck, secretaris Alg. Rekenkamer, kaangkat dados secretaris Dep. Marine.

Béja palaboehan.

Ing kwartaal I taoen poenika, pikantoekipoen arta béja ing palaboehan Tg. Prijoek, manawi katanding kalijan kwartaal I taoen kapengker, soeda f 230.000.

Peken - malem Semarang.

Béndjing 26 Juli — 10 Aug. ing Semarang badé wonten peken-daloe. *(Bahagia).*

Parésidénan kadadosaken satoenggal.

Paréntah badé ngitjali parésidénan pinten-pinten ing Djawi Wétan ladjeng kadadosaken satoenggal kalijan parésidénan sanèsipoen, soepados ing bawah Soerabaja wonten parésidénan ingkang radi ageng wewengkonipoen. Déné parésidénan ingkang tjalon kadadosaken satoenggal waoe, i. p. parésidénan Soerabaja kalijan Madjakerta, Madoera Kidoel kalijan Madoera Wétan, Madijoen kalijan Panaraga, Gresik kalijan Bodjanagara. Kadjawi poenika wonten pamanahan andadosaken satoenggal parésidénan Bandawasa kalijan Djember. *(Soer. Handelsbl.).*

Mr. Soemantri badé kaboetjal?

Wonten ing papriksan, Nagari saged pirsa boekoe-code gadahanipoen Mr. Soemantri. Codeboek waoe isi adrèsipoen tijang kominis ing sadjagad. Nalika dipoenpitakèni, soeka katrangan bilih Codeboek poenika waoe dipoenanggé gegaman sinaoe pijambak. Code poenika waoe code ingkang kapigoenakaken nalika perang ageng ing Éropah. Nanging prakawis poenika dèrèng saged ngawrataken sariranipoen Mr. Soemantri. Doemadakan nalika poelisi nangkep kominis Soebakat poenika, angsal archief-ipoen kalih grobag. Ing arschief waoe tjrijosipoen wonten ingkang nedahaken bilih Mr. Soemantri naté dados goeroe wonten satoenggiling Sovjet-Universiteit ing Moskou, lan oegi pinanggih wonten pinten-pinten correspondentie. Margi makaten waoe, kabaripoen Mr. Soemantri badé angèl ngoengkiri pandakwa-pandakwa ingkang toemoedjoe dateng sariranipoen. Malah manoet *Bintang Timoer* — Mr. Soemantri badé kaboetjal, namoeng papanipoen dèrèng saged katamtokaken.

Katjarijosaken oegi bilih ngendatipoen kominis Soebakat poenika margi prihatos déné arschief-ipoen dawah wonten tanganing poelisi.

Wadoek énggal.

Aneta martosaken Negari sampoen ndawoehaken damel wadoek wonten Pendjalin (Tegal) kanti wragad f 190.000, lan dirèktoer B. O. W. kaparingan koewaos ngedalaken arta f 146.000 kanggé preloe poenika.

N. I. Landb. Mij de Koloniale Bank lan Ned. Handel Mij, badé toemoet mikoel ragad waoe kanggé ondernemingipoen gendis 4 enggèn, kanti maximum f 1000 ing dalem sabin sebaoe ingkang tjalon angsal toja saking wadoek waoe.

Kantor kaboepatèn kapriksa.

Kantor kaboepatèn ing Sérang kapriksa tw. resident pijambak. Prakawis poenika dados gedering ngakatah. Déné sababipoen saking goegating soedagar Tionghoa kekalih ingkang wongsal - wangsoel neda langkoenganing paos mertjon taoen 1929, nanging tansah kaoebang-oebeng kémawon.

Resident Putman Cramer anggènipoen nindakaken papriksan pijambak waoe dados pamanahipoen tijang katah, awit oegi mriksa sadaja arta administratie kaboepatèn *(Bat. Nieuwsbl.).*

Actie ngitjali laré èstri dèrèng ngoemoer main wonten opera.

Loedjinah Oeroesan Kaoem Perempoean dan Gadis gadahanipoen Sarikat Pemoeda Islam (Jong Islamieten Bond) mentas ngatoeraken serat dateng burgemeester Betawi njoewoen soepados ing gemeentè Betawi wontena awisan ngawisi laré-laré èstri ingkang dèrèng oemoer 14—16 taoen main wonten ing opera-opera (setamboel).

Organisatie I. E. V.

Begrooting 1930 anerangaken lebeting kontribisi tjalon 30 sèn × 12500 × 12 = f 45.000. Arta semanten poenika wewah anakan f 5000, dados wonten f 50.000. Arta semanten poenika inggih kanggé mbajar secretaris, penningmeester f 1000, lan warga pangrèh sanèsipoen wonten ingkang kablandja f 450,— f 300,— f 200,— sapengandap.

Begrooting kanggé orgaanipoen ingkang medal saminggoe sapisan, anama *Onze Stem*, makaten: Arta lengganan 12.400 × 50 sèn sawoelan. Poenika wonten f 74.400 ing sataoen. Advertentie ing sataoen f 30.000. Dados arta mlebet kanggé orgaan waoe wonten f 104.400. Dados saking organisatie lan orgaan kémawon, sataoen arta ingkang mlebet wonten f 50.000 + f 140.400.

Mirit balans tn. '29, kasoegihanipoen I. E. V. mèh satengah joeta wonten ingkang katoembasaken aandeel *Bat. Nieuwsbl.*, wonten ingkang kalebetaken ing Escompto, wonten ingkang mlebet ing Gisting kanggé voorschot kolonisten, wonten oegi ingkang mlebet ing Studiefonds.

Babatèn panjadéjan pananggalan kémawon kala tn. '29 wonten f 21.000. Studiefonds mèh wonten f 100.000 ingkang loemampah, lan kala taoen kapengker sampoen wonten ingkang mangsoelaken f 21.000. *(Onze Stem.)*

MANTJA NEGARI.

AMÉRIKA.

Djangkanipoen Henry Ford.

Radja-montor toewan Henry Ford nerangaken sateroesipoen badé nandjakaken bandanipoen langkoeng saking 100 mlijoen dollar kanggé pasinaonipoen laré langkoeng-langkoeng babagan techniek lan padagangan. Toewan waoe tjarijos makaten: „Sing sapa soegih, kawadjiban nandjakaké bandané sing betjik." Anggènipoen moengel makaten, poenika boten ateges toewan Ford ladjeng badé moendoer saking kalangan dagang. Malah wonten New York, pijambakipoen ngedegaken onderneming taxi, ingkang ladjeng ndjalari pasèwan taxi mlorot 20 %.

PARANGAKIK.

Parangakik — Indo-China gandèng srana tilpoen.

Salebetipoen minggoe kapengker poenika sasambetan tilpoen Parijs—Saegon wiwit kabikak.

SEPANJOL.

Vrouwenkiesrecht.

Premier Sepanjol Djéndral Berenguer mentas poenika soeka soemerep dateng pangarsaning Pakempalan Wanita, gravin Morena, asoeraos: béndjing pilihan warga parlement, golongan èstri sampoen kénging njawoengaken kandidat.